**SINAU JAWA**
**MATERI SEM. GASAL 2016/2017**
**KANGGO KELAS VII (pitu)**

## UNGGAH UNGGUH

1. Unggah-ungguh basa
2. Tata Krama

Rumus dalam unggah-ungguh basa

Diri sendiri hanya menggunakan ngoko maksimal krama madya

## CANGKRIMAN

Cangkriman yaiku unen-unen kang kudu diwangsuli utawa dibedhek. Wonten ing basa Indonesia padha karo teka-teki utawi tebakan. Jinising cangkriman wonten sekawan, inggih menika:

1. Cangkriman wancahan utawi cekakan

Tuladha:

- Pakboletus: tepak kebo lelene satus.
- Pak bomba pak lawa pak peyut: tepak kebo amba, tepak ula dawa, tepak cempe ciyut.
- Ruk dhul wati: jeruk gumandhul disawati.

2. Cangkriman pepindhan/ irb-iriban

. Tuladha:

- Pitik walik saba kebon: nanas
- Pitik walik saba ngamben: sulak
- Ngisore mbut-mbu, ndhuwure mbyak-mbyak: wit tela dibedhul
- Matane telu, sikile siji: bangjo

3. Cangkriman blenderan

Tuladha:

- "Bakul-bakul mbako neng pasar padha diambungi", ingkang diambungi bakonipun dudu bakule.
- "Tanggaku mangan iwak mati", sing mati ulamipun(iwak) dudu wonge.

4. Cangkriman tembang

Cangkriman ingkang rinakit arupi tembang, ingkang saged dipuntembang. Sejatosipun cangkriman tembang ingih menika cangkriman pepindhan ingkang dipungarap wonten ing tembang. Tuladha:

*Bapak pucung, rupane saengga gunung*
*Tan ana kang tresna*
*Kabeh wong mesthi sengit*
*Yen kanggonan dielus-elus tinangisan*

## PARIKAN

**Parikan = pantun Jawa**

Tegese parikan yaiku unen-unen kang nduweni **purwakanthi swara**(pengulangan swara)

### 1. Bentuk-bentuk parikan

a. Parikan ringkes/ Karmina (4 wanda + 4 wanda) X 2

1) Abang abang, ora legi,
Wani nantang ora wani.

2) Anak dara jare piyik,
Seneng nangga ora becik.

b. Parikan kang dhinapur rong gatra ( 4 wanda + 8 wanda) X 2

1) Kembang dhondhong, tinandur tepining gedhong.
Sugih omong, pratandha kawruhe kopong.

2) Kembang anggrek, rumambat tepining bethek.
Nganti tuwek, ngelmu iku ora entek.

c. Parikan kang kadadean saka (8 wanda + 8 wanda) X 2

1) Bang-abang jambu dersana, Dersana kecut rasane.
Eman-eman yen sembrana, keduwung tembe burine.

2) Godhong nangka godhong jati, kumleyang tiba neng sumur.
Dipadha mempeng ing kardi, negarane dimen makmur.

d. Parikan kang kadadean saka ( 8 wanda X 4)

1) Godhong krambil jare blarak,
Dikekrekki dadi sada,
Sapa wonge murang sarak,
Tembe uripe sengsara.

2) Witing klapa jare glugu,
Cilike arane cikal,
Dituturi kudu nggugu,
Dimen pinter sugih akal.

e. Parikan kang kadadean saka (9 wanda X 4)

1) Kutha Sala dalame rame,
Sriwedari tengah prenahe,
Aku gela amarga kowe,
Angger janji arang nyatane.

f. Parikan bebas (nyebal saka 1 – 4)

1) Ngetan bali ngulon,
Tuwas ngedan ora klakon.

2) Menyang kali memeta cethul,
Garan pancing bisa mentul-mentul,
Paling mirasa rasane thiwul,
Mundhuta neng Gunungkidul.

3) Walang kekek walange kadung,
Walang kadung mencok neng kara,
Wong wis tuwek kok saya ndlarung,
Yen wis kadhung dikapakena.

4) Suwe ora jamu,
Jamu godhong tela,
Suwe ra ketemu,
Ketemu pisan neng kutha Sala.

## TEORI TEMBANG

*GURU GATRA* : Cacahe larik/baris saben sak pada(bait)

*GURU WILANGAN* : Cacahe wanda(suku kata) saben sa gatra (sebaris)

*GURU LAGU* : Tibane swara (vocal) ing pungkasan (akhir) gatra(baris)

*Tuladha* :

Lamun sira anggeguru kaki, -> vokal terakhir ( i )

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 -> suku kata

## AKSARA JAWA

| *Sandhangan Wyanjana* | | | |
|---|---|---|---|
| ... ] | *Cakra* | *Seselan tandha ganti konsonan 'ra'* | • g]n = grana |
| ... } | *Cakra keret* | *Seselan tandha ganti konsonan 'rê'* | • k}s N = krêsna |
| .... - | *Pengkal* | *Seselan tandha ganti konsonan 'ya'* | • mf- = madya |

## KAWRUH TEMBUNG :

batangan :jawaban/ bedhekan
irib-iriban/ pepindhan : kemiripan
wanda : suku kata
tembung : kata

| *Aksara Kusus* | | | |
|---|---|---|---|
| X | *Nga lelet* | *Aksara awal* le *(X) dadi →X Nalika dadi pasangan, bali wujud asline pasangan ...* Le | *Tuladha nga lelet:*<br>*Lenga :* Xz<br>*Tuladha pasangan nga lelet:*<br>*Pakan lembu :* pknLemB\| |
| x | *Pa cerek* | *Aksara awal* re *(X) pasangan...* > | *Tuladha pa cerek:*<br>*Karep :* kxp\<br>*Tuladha pasangan a cerek:*<br>*Jaluk restu :* jluk>sT\| |

ukara : kalimat
pada : bait
ceceg-ceceg : titik-titik
nelakake/nuduhake : menunjukkan
kalebu : termasuk
kapacak : terpampang
migunakake :nganggo
diarani : disebut
kedadeyan : kejadian
kahanan : keadaan
panuwun : rasa nuwun
wacan : bacaan
pacelathon : percakapan
pitakon(-an)/pitaken : pertanyaan
jangkep : lengkap

| *Aksara Jawa* | *Jenenge aksara* | *Katrangan* | *Tuladha* |
|---|---|---|---|
| ***Sandhangan Panyigeging Wanda*** | | | |
| .... h | *Wignyan* | *Tandha ganti konsonan '...h'* | • [boch= bocah |
| /...... | *Layar* | *Tandha ganti konsonan '...r'* | • putu= = putung |
| ......= | *Cecak* | *Tandha ganti konsonan '...ng'* | • ps/ = pasar |
| ... \ | *Pangkon* | *Tandha penghilang vokal* | • jeruk\ = jeruk<br>• a[bot\ = abot<br>• prn\ = paran |

pungkasan/ wusana : akhir
wiwitan/ purwa : awal